mamlakatimizda o‘qituvchilik katta hurmatga ega bo‘lgan e’zozli hunar hisoblanadi. O‘qituvchi tufayli bilimlar poydevori o‘rnatiladi, inson dunyoqarashi va xarakteri shakllanadi. Sifatlari erkin fikrlash, mehnatga muhabbat, odamiylik, ijodiy sifatlar bevosita o‘qituvchining ta’sirida tarbiyalanadi.

Adabiyotlar

1. H.Nurmatov – Qashqar rubobi. T. 2003.
2. O‘zbekiston Respublikasi madaniyati ishlari vazirligi – Rubob navolari. T.1993.
3. R.Qosimov – An’anaviy rubob ijrochiligi “O‘zbekiston” 2000.
4. Sh.Raximov – Dutor. T. 2005.
5. B.Raximjonov – Dutorchilar ansambli T. 2002 y.
6. R.Hamroqulov – Rubob taronalari to‘plami. Samarqand.– 2003
7. Boltaboyeva U., Rakhmonova N., Usmonov S. Characteristics of speech Art: problems and solutions //ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal. – 2020. – T. 10. – №. 4. – C. 159-167.

REZYUME. Maqolada notalar asosida asboblarni chalish texnikasi va koncert davomida ular bilan ishlashning individual usullari batafsil bayon etilgan. Quyidagi mashqlar notaga muvofiq bajarish qobiliyatini rivojlantirishga yordam beradi; Eng oddiy musiqada, dastlabki zarbaning birinchi yarmi chalinganda, o‘quvchi diqqatini shu zarbaning ikkinchi yarmiga qaratadi.

РЕЗЮМЕ. В статье подробно описаны приемы игры на инструментах на основе нот и отдельные приемы работы с ними во время выступления. Следующие ниже практические упражнения могут помочь в развитии способности выполнять в зависимости от ноты; В самой простой музыке, когда играется первая половина начальной доли, ученик сосредотачивается на второй половине этой доли.

SUMMARY. This article describes in detail the methods of playing instruments on the basis of notes and individual methods of working with them during the performance. The following practical exercises may help in developing the ability to perform depending on the note; the simplest music, when the first half of the initial beat is played, the student focuses on the second half of that beat.

ҚАРАҚАЛПАҚ САЗЕНДЕЛЕРИНИҢ САЗ АТҚАРЫЎ УСЫЛЛАРЫ

Л.Ахымбетова – *оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таяныш сөзлер: нота, атқарыў техникасы, сазенде, жеке атқарыўшылық, солист, миллий музыкалық әсбап.

Ключевые слова: нота, техника исполнения, музыка, индивидуальное исполнение, солист, национальный музыкальный инструмент**.**

Key words: note, performance technique, music, individual performance, soloist, national musical instrument**.**

Түркий тиллес халықлар ишинде қарақалпақ халқының өз алдына бөлинип турыўшы миллий үрп-әдети мәдениети, салт-дәстүрлери менен басқа халықлардан ажыралып турады. Қарақалпақ халқы Орта Азияның қоңсылас халықларындай өзиниң ерте тарийхы, жоқары мәдениятына ийе. Халықтың тарийхый өтмиши, дәстүри өз алдына бай ғәзийнеси болып, ҳәр бир халықтың тили әдебияты, музыкасы фольклоры болатуғындай қарақалпақ халқының да өз ана тили, дәстүри музыкасы ҳеш бир халыққа уқсамайтуғын миллий қәдириятлары ҳәм мийраслары бар. Көп әсирлер тарийхына ийе болған қарақалпақ халқы өз турмыс тиришилигиниң ҳәр түрли жанрға бай мийрасларын дөреткен. Бул өзлигине тән болған миллий мийраслар дүньядағы барлық халықлар ҳәм миллетлер сыяқлы қарақалпақ халқында қәлиплесип атадан балаға, әўладтан-әўладқа өтип сақланып киятырғанлығы белгили. Миллий қәдирият мийрасларымыздың бири болған миллий музыканы сөз етер екенбиз, әўели молла Ғайыптың мына қатарлары есимизге түседи. Онда «Саз билан сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бина болғанда барды» деп келтирген. Қарақалпақ халқы бай-феодаллардың қол астында ҳәр тәреплеме езилип, көшип-қонып жүриўине қарамастан, узақ жыллар даўамында алтынға мегзес әжайып намаларын ядында сақлап, атадан балаға мийрас етип, бизиң дәўиримизге жеткерди. Олардың атқа-

рыўшылар тәрепинен қосып алынып, үзликсиз раўажланып, қанша-қанша өзгериске ушырап келгенлигине қарамастан өзине тән қәсийетин жоғалтпады. Бул белгилер әййемги дәўирлерден берли сақланып киятырған мәдений ҳәм тарийхый ескертпелерде сәўлеленген. Бизиң эрамыздың биринши әсирине тән әжайып мәдений ескерткиши «Айыртпамнан» таўылған «уу» әсбабы, археологиялық ашылыўларда топырақ қаладан табылған арфа шертип турған қыздың тасқа ойылған сүўрети ҳәм еки тарлы дуўтар тилиндеги саз әсбабын услап турған адамды сүўретлейтуғын фрагменттиң табылыўы буның айқын дәлили. Халқымыз саз десе елең етип, қулақ қойып силтидей тынып, яки болмаса нама, қосыққа ырғатылып шайқатылып отырады яки атқарыўшыға қосылып «берекет тап», «саў бол» деп хошаметлеўлерин берип сүйсине тыңлайды. Бул атадан-балаға мийрас болып жетип келгенлигине таңланып қараўдың қәжети жоқ. Неге дегенде музыкамыз бизиң қанымызға қарысып кеткен.

Дүньяға келген ҳәр бир инсан әўели музыка тыңлайды. Бул музыкамыз ана ҳәййиўи. Бул да халық намасы миллий музыкамыз ең дәслеп қайсы әсирде нешинши жылы ким тәрепинен басланғанлығы бизге белгисиз, болғаны менен көп санлы қосық намаларымыз усы дәўиримизге шекем жетип келген. Халық қанша аўыр турмыс кеширсе де, посып көшсе де миллий музыкасын яғный, саз-сәўбетин жоғалтпаған, устаз-шәкирт арқалы халық саўатлы болып кетемен дегенше халық ишинде сақланып келген. Тән алып соны да айтып өтиўимиз керек миллий музыкамыз бир ўақытлары умыт болыў дәрежесине шекем келген болса, енди Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигин алғаннан соң, биринши гезекте өтмишке қаралды. Елимизде жаңаша өзгерис пайда болып улыўма мәденият, үрп-әдет дәстүрлер тиклене баслады, милий қосықларды атқарып, сазларды шертетуғын бақсы, сазенделеримиз, жыраўларымызға кең жол ашылып кең имканият берилди.

Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы, Нөкис кәнигелестирилген мәденият мектебинен, Республикамыздағы барлық балалар музыка мектеплеринен миллий сазларды үйретиўши класслар ашылып иске түсти. Жас әўладлардың қызығыўшылығы артып, билим көнликпелерин устаз-шәкирт дәстүрлерин сол ашылған таза классларда миллий сазларды, қосықларды үйрениў бахтына миясар болып келмекте. Орта Азияда бирге жасап турған қоңсылас еллер, халықлар арасында ҳеш ким де тәкирарланбас миллий намалары менен қарақалпақ халқы ажыралып турады. Биз түркий тиллес халық болып жасап, бир-биримизден өрнек алғанбыз, биз бир-биримизге сүйенгенбиз, ҳәттеки бир заманлары туўысқандай қарысып кеткенбиз. Соншелли қарым-қатнас болғаны менен миллийлигимиз өзгермейди. Дәстүримиз, мәдениятымыз, тилимиз бир қәлипте сақланған, сыртқы тәсир болғаны менен түп саға өзгермей раўажланыўы мүмкин. Тарийх бетлери узақ өтмишти айқын айтады, деген менен аз ғана бурылыс болмаўына ҳеш ким кепиллик бере алмайтуғынлығы анық. Мен сөзимди қарақалпақ халық намалары менен дәлиллеп бергим келеди. Мәселен «Ешбай» намасы, «Қошым палўан» намасы, «Көр қыз» намасы «Салтық» ҳәм тағы басқа намаларымыз Хорезм халқында да гезлеседи. Бул демек яки бизден алған, яки биз Хорезмлерден алғанбыз. Булай деўиме олар да халық намасы деп атайды. Бизлер бул намаларды қарақалпақ халық намалары деп түсинемиз. «Бул намалар тийкарынан кимге тийисли?» деген сораў өз-өзинен туўылады. Бириншиден қарым-қатнас ҳәм қатар отырған еллер болғанымыз ушын анаў-мынаў өзгерислер бир-биримизге өткен болўы мүмкин. Той мерекелери ортақ болғанлығын ҳеш ким бийкарлай алмайды. Аўыл аралас, қой қоралас дегендей дәстүрлери мәдениятымызға, көркем өнеримизге өзгерис болса болғаны. Бирақ олардан бизге өткен қандайдур буйым болса да бизиң миллий нәрсемиз деп қарай алмайтуғынымыз турған гәп. Ал, енди жоқарыда айтып өткен намаларымызға нәзер салсақ. Бизиң музыка тарийхымызда ҳәр бир намаларымыздың, сазлардың келип шығыў тарийхы халық аўзында сақланған. Сол әпсанаўий тарийхына қарап ҳәм соған сүйене отырып, әлбетте мениң жеке пикириме намалар яғный жоқарыда аты аталған намалар ҳақыйқый бизиң халқымыз сазлары ҳәм намалары. Бизде бақсылар да, сазенделер де, жыраўлар да жетерли дәрежеде болған. Қоңсылас халықлар сазенделери менен қарым қатнасықта болғаны менен олардың намаларын халықлық намаларға кирите алмайтуғынлығы анық.

Миллий сазларымыз, халық намаларымызды дөреткен сазенделеримиз сол дәўирлердеги класслық композиторымыз десем де қәтелеспеймен. Бизиң бул дәўиримизге де нама сазларымыз, сол уллы бақсы, сазенделер шәкиртлер таярлап, сол шәкиртлери, шәкиртлер шығарып сақлап әкелген. Бир ашынарлысы ол ҳаққында яғный, неше нама

болса ҳаммесиниң толық тарийхы жазба түрде қалдырылмаған. Бизге атақлы бақсыларымыздың сағалары Ақымбет, Муўса, Сүйеўлер белгили.

Ақымбет бақсының көпшилик намаларын шәкиртлери шертип үйренген. Соннан шыққан Муўса ҳәм Сүйеў. Сүйеў көбирек түркменлер арасында бақсышылық еткен болса Муўса қарақалпақ бақсысы атанған. Муўса, Сүйеў екеўи жүдә жақын дос болған, тез-тез ушырасып тойларға бирге баратуғын болған. Муўса бақсы бизиң намаларымыз, сазларымыздың авторы, себеби Ақымбеттен соң Муўса бақсы ҳәр қыйлы ўақыяларға байланыслы намалардың көбисин шығарған.

Жоқарыда айтып өткенимиздей түркмен халықлары арасында бизиң намаларымызды тәкирарлайтуғын намалар ҳәттеки атлары менен бар. Мәселен: «Ала қайышлы», «Теке налыш», «Ғулпақ», «Темир донлы», «Ақ ишикли», «Мухаллес», «Ғарры пәтек», «Хожа бағман», «Әзийзим», «Көр қыз», «Келте салтық», «Дем бермес» ҳәм тағы басқалар бул бизиң миллий намаларымыз. Еки халыққа бирдей болыўы мүмкин емес деп ойлайман. Еки композитор бирдей қылып нама шығара алмағанындай нәрсе емес. Мениң пикирим Муўса шығарған намаларды өзлерине қоңсылас бақсылар ислеп алған болыўы мүмкин. Неге дегенде сол дәўирде жасап өткен бақсылардың устазы ҳәм ең алғыр күшли бақсы болғанлығын намалар шығарғанлығы туўралы бираз мағлыўматларға ийемиз. Бақсы жыраў ерте дәўирден халқымыз азығы болып руўхый байлығы, мәдеткары болып келгенлигин ҳеш ким бийкарлай алмайды. Атақлы көркем өнер ғайраткерлеримиздиң аты, лаўазымы еле де халық арасында сақланып киятыр. Жоқарыда айтып өткенимиздей намаларға ийемиз. Мәселен халқымыз жүрегинен орын алған «Бес перде» намасын Муўса өз заманласлары болған Хорезмли Шәмши, Түркменстанлы Сүйеў, қазақтан Абдулла күйши, Бухаралы Мамут бақсыларға арнап бес елден келген бақсыларды тәрийиплеп шығарған нама да бес бақсыны бир дәстеге байланған «Бес перде» сыпатында образлап, солар арқалы халықлардың терең идеялы жоқары көркем искусствосын көтериңки пафос пенен мақтаныш етип жырлап отырғандай сезиледи.

Жоқарыда биз сөз ектен қарақалпақ бақсысы Муўса бақсының көп ғана намалардың авторы екенлигин биз сөз еткен едик. Оларға «Сен яр қал енди», «Муўса», «Пақай», «Муўса сен яры», «Идирис», «Мер-теўик» ҳәм тағы басқа. Бул бақсыларымыздан соң бақсы сазенделеримиз де көплеген нама сазлар дөреткен ҳәм халқымыздың музыка әлемине өз үлеслерин қосып барған. «Музыканы халық дөретеди, ал композиторлар болса тек ғана аранжировкалайды» деген еди Глинка, бул баҳа оғада дурыс берилген. Мәселен, қоңсылас халықлардың бизге ямаса бизден қоңсылас халықларға өтер музыка болса қандайда бөлимин аранжировкалайтуғыны сөзсиз. Халқымыздың халық сазлары, намалары устаз-шәкирт жолы арқалы усы дәўиримизге алып келинди. Биз бақсы сазенделерди сөз етер екенбиз бунда ең уллы тулғалар Ақымбет, Муўса, Арзы, Ғәрипнияз, Сүйеўлерден басланады. Усы атақлы сазенде бақсылардан бир қанша намалар мийрасын шәкиртлери жеткерип, устаз-шәкирт жоллары менен халық арасында еле де жол гөнермей даўам етип киятыр. Бизиң бул дәўиримизде де атақлы бақсылар сазенделер өз шеберликлери менен ат қалдырып, халықтың зейнинен шыға алды. Есжан Қосполатов, Жапақ Шамуратов, Өтен Төрешов, Қурбанбай бақсы, Әмет Тарийхов, Қудайберген Таныбаев, Ибрайым Патуллаев, Жуман бақсы, Генжебай Тилеўмуратов, Турғанбай Қурбанов, Ғайрат Өтемуратов, Меңлибай бақсы, Аңсатбай Ғайратдинов, Сәлменбай Садыков, Қаражан Қабулов, Айтжан Хожалепесов ҳәм тағы басқа. Бул бақсы сазенделеримиз биз жасап турған дәўиримиздиң Ақымбети, Муўсасы. Бул бақсы сазенделер намаларға өзгерис киргизген болса, Есжан бақсы «Мийнет ет» мухаллести шығарған ҳәм айтып келген. Бул бақсы сазенделеримиз Есжан, Әмет, Қурбанияз, Өтен, Тыныбай, Қурбанбай, Ибрайым, Жуман бақсылар Ақымбет, Муўса жолына, Жапақ Шамуратов, Орынбай бақсылар Сүйеў жолына атқаратуғын болған. Сазенделерден мағлыўмат бизде жетерли дәрежеде емес.

Жақсы, күшли сазенделеримиз болғаны анық, олардан толық мағлыўмат қалмаған. Арзы атлы бурынғы сазендемиз медреседе оқып жүрип оқытқан молласына, яғный устазына жақсы сарпай бере алмағанлығына бола, «Сый перде» сазын дөреткен ҳәм устазына шертип берген екен. Биз мысалға келтирер көплеген сазенделеримиз ҳаққында жоқарыда айтып өткенимиздей оларға арналған мағлыўмат аз. Бирақ сазенде саз шерткенде халық уйып тыңлайды, деген менен негедур тек сазға кеўил толмағанда қәне бир ҳә деп жиберсе деген хошаметли өтинишлер ерксиз айтылады. Буған қарап биз сазенделеримиз де қосық айта алған ҳәм сазларын да жетик дәрежеде теңине атқарған болыўы мүмкин деп ойлаймыз.

Әдебиятлар

1. Қ.Айымбетов «Халық даналығы» 1988 ж.
2. Қ.Мақсетов «Қарақалпақ жыраў, бақсылары» 1983 ж.
3. Қ.Мақсетов «Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар» 1992 ж.
4. Т.Адамбаева «Қарақалпақ музыкасы тарийхынан» 1985 ж.
5. К.Асқаров «Бақсы-жыраў тийкарлары» пәнинен лекция тексти.
6. Д.Алланазаров «Қарақалпақ сазлары».

РЕЗЮМЕ. Бул өзлигине тән болған қәдриятлар, миллий мийраслар дүньядағы барлық халықлар ҳәм миллетлер сыяқлы қарақалпақ халқында қәлиплесип атадан балаға, әўладтан-әўладқа өтип сақланып киятырғанлығы белгили. Бул дөретпелерге устаз-шәкирт, салт-дәстүрлер, мийнет жырлары, халық ертеклери, ашықлық ҳәм шайырлық дәстанлар менен көплеген халық қосықлары нама сазлары киреди.

РЕЗЮМЕ. Известно, что эти уникальные обычаи и национальные наследия, как и у всех народов и наций мира, передавались от отца к сыну, из поколения в поколение. К этим традициям относятся традиции мастера-ученика: народные песни, народные сказки, открытые и веселые былины, а также множество народных песен**.**

SUMMARY. It is known that these unique customs and national heritage, like all the peoples and nations of the world, have been passed down from father to son, from generation to generation. These traditions include teacher-student traditions: folk songs, folk tales, open and cheerful epics, and many folk songs.

УДК.127; 218-219 (2023)

МӘЖБҮРИЙ ДАЎЫС

С.А.Балтаниязов – *профессор*

Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: қўшиқчи, опера, романс, музыкант, бастокор, мусиқа, қўшиқ, наво.
Ключевые слова: певец, опера, романс, музыкант, композитор, музыка, пение, мелодия.
Key words: singer, musician, romance, musician, singing, melody, opera, lovesong.

Қосықты мәжбүрий тек ғана бәлент даўыста айтыў емес, бәлки даўыс аппаратының күшли басым астында ислеўине айтылады. Үлкен диопазонға ийе гейпара қосықшылар ушын бәлент даўыста айтыў тәбийий болып табылады. Даўысты күшейтиў даўыстың толық көлеми менен емес, бәлки белгили бир адам ушын оның артықша күшлилиги менен белгиленеди [2. Д.Л.Аспелунд с.180]. Бул ҳәдден зыят даўыс күшиниң жаманланыўына даўыстың тембрине тәсир етеди. Мәжбурий: даўыс пенен, даўыстың ең жақсы тембр қәсийетлерине алып келетуғын, даўыс перделериниң ең гөззал «тербелислерин» сақлаўға болмайды. Вокал сымлары жоқары ҳәм төменги резонаторларда, аңсат ғана ҳәм тегис ағатуғын, гөззалдың даўысын бериў ушын емес, бәлки күшли ҳаўа басымын услап турыў ўазыйпасы тийкарында ислей баслайды. Нәтийжеде, даўыс перделерин бәнт режимде ислеўге көндирген, қосықшы басқа булшық етлерди ҳәрекетке келтирмей, қоңсылас ҳәрекетлер менен гегирдектиң бул тегис емес исине жәрдем бериўге ҳәрекет етеди, даўыс аппаратының жумысын ҳәм жақсы муўапықластырыўды жоғалтады. Соның менен бирге даўыстың тембриниң сапасы жоғалады. «Бир рет жоғалған (даўыстың жумсақлығы ҳеш қашан қайтарылмайды)», деди белгили оқытыўшы М.Гарсия [1. И.О.Бризгалов с.92]. Кем-кемнен, мәжбүрий қосық айтыў нәтийже-синде тембрди жоқ етеди ҳәм вибратоны бузыўды баслайды.

Даўыс шайқалады, қалтырай баслайды жығылып түседи. Мәжбүрди туўырлаў қыйын, бирақ даўыс үстинде мудамы жумыс алып барылса, көбинесе жоғалған қәсийетлерин қайтарып алыў мүмкин. Оның ушын сеслер уйғынлығы, сеслер үстинде көп ислеў керек. Қосықшыны мәжбүрий даўысқа ийтермейди. Шынығыўлар, вокализлер ҳәм кейинирек туўры сайланған репертуардағы артықша зорығыўларды алып таслап, сиз кем-кемнен даўыстың пайда болыўында, сезилерли дәрежеде жақсыланыўына алып келеди [3. М.Ризаева с.104]. Бирақ, буған тек мәжбүрий